Научная статья
УДК 821.352.3 / 82-144
DOI: 10.31007/2306-5826-2021-3-50-144-150

# НАЛО ЗАУР И БАЛЛАДЭХЭР: ЖАНРЫР КЪЫЗЭРЫГЪЭIЭРЫХУАМ И IУЭХУКIЭ

***Хьэвжокъуэ Борис ипхъу Людмилэ***[1] ✉, ***Алъэскыр Суфян ипхъу Радимэ***[2]

[1] Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институт, Налшык, Урысей
[2] Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и ЩIэныгъэ-егъэджэныгъэ центр, Налшык, Урысей,
[1] lyudmila-havzhokova.86@mail.ru✉, http://orcid.org/0000-0001-9931-7726
[2] atlaskirovaradima@yandex.ru

© Л.Б. Хавжокъуэ, Р.С. Алъэскыр, 2021

***Аннотацэ.*** Статьяр зытеухуар балладэ жанрым къэбэрдей усакIуэ Нало Заур и творчествэм зэрызыщиужьарщ. УсакIуэм и IэдакъэщIэкIа «ЦIыху напэ», «ЦIыхумрэ Тхьэмрэ» тхыгъитIыр лъэпкъ литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ я гулъытэ нэхъ мащIэу зыгъуэтахэм ящыщщ. Ди къэхутэныгъэм и щIэщыгъуагъри, ар зэхэдублэным щхьэусыгъуэ хуэхъуари Налом и балладэхэр нэсу зэпкърыха, щIэныгъэр и лъабжьэу джа зэрымыхъуамрэ апхуэдэ лэжьыгъэм нэрылъагъуу мыхьэнэ зэриIэмрэщ. Абы къыпкърыкIащ ди лэжьыгъэм и мурад нэхъыщхьэри – зи цIэ къитIуа тхыгъитIыр я купщIэкIи, фащэкIи, художественнэ щхьэхуэныгъэу япкърылъ и лъэныкъуэкIи къызэщIэкъуауэ джыныр, абыхэм жанрым и зыужьыныгъэмкIэ мыхьэнэуэ яIэр къэхутэныр, лъэпкъ литературэм, хэхауэ къэбгъэлъагъуэмэ, лиро-эпикэм щаубыд увыпIэр убзыхуныр. Къэхутэныгъэм и кIуэцIкIэ мыпхуэдэ гупсысэ нэхъыщхьэхэм дыкъыхуэкIуащ: 1) къэбэрдей литературэм балладэ жанрым зыужьыныгъэшхуэ щимыгъуэтами, абы и щапхъэ нэсхэм ущрохьэлIэ; 2) Нало З. и IэдакъэщIэкI балладэхэр (псом хуэмыдэу «ЦIыху напэр») жанрым и къупхъэм нэхъыфIу изэгъахэм ящыщщ; 3) «ЦIыху напэр» и купщIэкIи ухуэкIэ-гъэпсыкIэкIи европей балладэм пэгъунэгъущ, ар усакIуэм Iэзэу жанрыр къызэригъэIэрыхуам и щыхьэт наIуэщ. Къэхутэныгъэм кърикIуахэр литературэджхэм, курыт еджапIэхэмрэ еджапIэ ищхьэхэмрэ лъэпкъ литературэр щезыгъэджхэм, апхуэдэуи студентхэм, аспирантхэм яхуэщхьэпэнущ.

***Зэрыгъуэзэн псалъэхэр:*** Нало Заур, къэбэрдей литературэ, лиро-эпикэ, балладэ, жанр, жыпхъэ

***Цитатэ къызэрыхэпхынур***: Хьэвжокъуэ Л.Б., Алъэскыр Р.С. Нало Заур и балладэхэр: жанрыр къызэрыгъэIэрыхуам и IуэхукIэ // Вестник Кабардино-Балкарского института гуманитарных исследований. 2021. № 3 (50). Н. 144–150. DOI: 10.31007/2306-5826-2021-3-50-144-150

Original article

# ZAUR NALOYEV'S BALLADS: TO THE PROBLEM OF GENRE DEVELOPMENT

***Lyudmila B. Khavzhokova***[1]✉, ***Radima S. Atlaskirova***[2]

[1] Institute for the Humanities Research – affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences», Nalchik, Russia
[2] Scientific and Educational Center of the Federal State Budgetary Scientific Institution «Federal Scientific Center» Kabardino-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences», Nalchik, Russia

[1] lyudmila-havzhokova.86@mail.ru✉, http://orcid.org/0000-0001-9931-7726
[2] atlaskirovaradima@yandex.ru

© L.B. Khavzhokova, R.S. Atlaskirova, 2021

***Abstract.*** The article is devoted to the study of the ballad genre in the works of the Kabardian author Zaur Naloev. Here, for the first time, an attempt is made to separate scientific consideration and coverage of two ballads – "Conscience", "Man and God". The scientific novelty of the research lies in the fact that for the first time a comprehensive (meaningful and structural-compositional) analysis of these works is carried out. The main research attention is focused on establishing the correspondence / inconsistency of the considered ballads with the canons of the genre, identifying artistic features, determining the place of these works in the evolution of national literature. The article uses a number of scientific methods, including analysis and description. The research carried out in the article led to the following conclusions and conclusions: 1) despite the fact that the ballad in Kabardian literature has not received wide development and distribution, vivid examples of the genre are found in it; 2) Z. Naloev's ballads (especially "Conscience") are an example of the most successful mastering of the genre in national literature; 3) the principles of constructing a European ballad are traced in "Conscience", which is evidence of Z. Naloev's mastery of the canons of the genre. The results obtained can be helpful in studying the history of the ballad genre in the Adyghe literature, more generally in the North Caucasian literature, as well as in compiling special courses and writing qualification and other types of research papers.
***Keywords:*** Zaur Naloev, Kabardian literature, lyro-epic, ballad, genre, canon
***For citation:*** Khavzhokova L.B., Atlaskirova R.S. Zaur Naloyev's ballads: to the problem of genre development // Bulletin of the Institute for the Humanities Research. 2021; 3 (50): 144–150. (in Kabardian). DOI: 10.31007/2306-5826-2021-3-50-144-150

Научная статья

# БАЛЛАДЫ ЗАУРА НАЛОЕВА: К ПРОБЛЕМЕ ОСВОЕНИЯ ЖАНРА

***Людмила Борисовна Хавжокова***[1]✉, ***Радима Суфьяновна Атласкирова***[2]

[1] Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук», Нальчик, Россия
[2] Федеральное государственное бюджетное научное учреждение «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук», Нальчик, Россия
[1] lyudmila-havzhokova.86@mail.ru✉, http://orcid.org/0000-0001-9931-7726
[2] atlaskirovaradima@yandex.ru

© Л.Б. Хавжокова, Р.С. Атласкирова 2021

***Аннотация.*** Статья посвящена изучению жанра баллады в творчестве кабардинского автора Заура Налоева. Здесь впервые предпринимается попытка отдельного научного рассмотрения и освещения двух баллад – «Совесть», «Человек и Бог». Научная новизна исследования состоит в том, что впервые проводится комплексный (идейно-тематический и структурно-композиционный) анализ указанных произведений. Основное внимание в исследовании сконцентрировано на установлении соответствия / несоответствия рассматриваемых баллад канонам жанра, выявлении художественных особенностей, определении места этих произведений в эволюции национальной литературы. В статье использован ряд научных методов, в числе главных – анализ и описание. Исследование, проведенное в статье, привело к следующим выводам и заключениям: 1) несмотря на то, что баллада в кабардинской литературе не получила широкого развития и распространения, в ней обнаруживаются яркие образцы жанра; 2) баллады З. Налоева (в особенности «Совесть») являются примером наиболее удачного освоения жанра в национальной литературе; 3) в «Совести» прослеживаются принципы построения европейской баллады, не заслоняющими национального колорита, что является свидетельством

мастерского овладения З. Налоевым канонами жанра. Полученные результаты могут стать подспорьем при изучении истории жанра баллады в адыгской, в более общем плане – северокавказской – литературе, а также при составлении спецкурсов и написании квалификационных и другого рода исследовательских работ.

***Ключевые слова:*** Заур Налоев, кабардинская литература, лиро-эпика, баллада, жанр, канон

***Для цитирования:*** Хавжокова Л.Б., Атласкирова Р.С. Баллады Заура Налоева: к проблеме освоения жанра // Вестник Кабардино-Балкарского института гуманитарных исследований. 2021. № 3 (50). С. 144–150. DOI: 10.31007/2306-5826-2021-3-50-144-150

Адыгэ литературэм и деж балладэр щызэфIэувэ лъэхъэнэм абы тегъэщIапIэу тIу иIащ: япэр – балладэ ухуэкIэ зиIэу лъэпкъ IуэрыIуатэм къыхэщыж уэрэд гупыр [еплъ: Гутов 2016: 39], етIуанэр – урыс балладэм и щапхъэхэр. Ди лъэпкъ балладэм а тIум я нэщэнэхэри зыщIишащ, ауэ щыхъукIи езым и зыужьыныгъэ лъагъуэ хишыжын хузэфIэкIащ.

Къэбэрдей усыгъэм и тхыдэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, лирикэри лиро-эпикэри зы лъэхъэнэм – XX лIэщIыгъуэм и 20–30 гъэхэм – къызэдэунэхуащ, зэгъусэуи къызэдэгъуэгурыкIуащ. Абы и щыхьэтщ ПащIэ Бэчмырзэрэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ я творчествэр. Усэхэм нэмыщI, абыхэм япэ поэмэхэр я Iэдакъэ къыщIэкIащ. Иужьрейхэм (поэмэхэм) я фIыгъэкIэ лиро-эпикэм и зыужьыныгъэр ешэжьа хъуащ, ауэ абыхэм балладэр гуэгъу щахуэхъуар нэхъ иужьыIуэкIэщ. Апхуэдэу жытIэми, КIыщокъуэ А. Хэку зауэшхуэм ипэкIэ итхауэ щыта «Жэщ шу» усэр сыт и лъэныкъуэкIи йозагъэр инджылыз балладэм и къупхъэм. Апхуэдэ щапхъэ щхьэхуэхэр иджыри щыIэнущ. Япэ адыгэ (къэбэрдей) балладэр дунейм къыщытехьар нобэкIэ зэхэгъэкIыжыгъуейми, шэч зыхэмылъыр зыщ – жанрым гурэ щхьэрэ зэтелъу япэ лъэбакъуэхэр ичу щыхуежьар Хэку зауэшхуэм иужь лъэхъэнэхэрщ.

XX лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм я кIэухым – 70 гъэхэм я пэщIэдзэм балладэм къэбэрдей литературэм нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужьу щIидзащ. А лъэхъэнэм къыщегъэжьауэ дунейм къытехьа тхыгъэхэм я бжыгъэр куэд дыдэ мыхъуми, я фIагъкIэ жанрым и классикэу къэлъытапхъэхэр яхэтщ.

Адрей жанрхэм (усэм, сонетым, поэмэм, н.) еплъытмэ, балладэм адыгэ литературэм нэхъ мащIэу зыщиужьащ, апхуэдэу щытми, нобэкIэ абы и щапхъэ пщIы бжыгъэхэр диIэщ. Псалъэм папщIэ, КIыщокъуэ Алим и «Бжей жыгым и балладэ», Бещтокъуэ Хьэбас и «Мкртыч Даштоян папщIэ балладэ», Бицу Анатолэ и «Бгырысыр къызэралъхуар», «ЩIакIуэ кIапэ», «Жамболэт», «НэхъыщIэ», «Лъагъуныгъэ», Къэжэр Хьэмид и «Данко жэкъуа», «Уэредадэ», «Дахагъым и сурэт», «Псалъэ зеиншэхэр», Къагъырмэс Борис и «Паганини», «Кърум папщIэ балладэ», Уэрэзей Афлик и «СурэтыщIым теухуа балладэ», Хьэвжокъуэ Людмилэ и «Псалъэ жагъуэ» жыхуиIэхэр къыхэгъэщыпхъэщ.

Дызэрыщыгъуазэщи, балладэр лиро-эпикэм и зы жанр лIэужьыгъуэщ, абы къыхэкIкIи сюжет зиIэ усэм хэгъэгъуэщэн хуейкъым. Ар поэмэм къызэрыщхьэщыкIыр абы нэхърэ «нэхъ цIыкIуу зэрыщытырщ» [Квятковский 1966: 59], лирикэ уэрэдым къыщхьэщызыгъэкIыр – сюжет зэриIэрщ. Абыхэм нэмыщIауэ, мы усыгъэ пкъыгъуэм езым и тематикэ, сюжет гъэпсыкIэ, стилистикэ Iэмал хэха дэплъагъунущ.

Иджырей литературэ щIэныгъэмрэ теориемрэ зэрыщыубзыхуамкIэ, балладэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ усэу зэрыгъэпсар, сюжет зэриIэмрэ конфликт зэрыхэлъымрэ. Апхуэдэуи тхыгъэр драматизмэкIэ гъэнщIа къэхъугъэ гуэркIэ, нэхъыбэрэ – лIыхъужь нэхъыщхьэм и лIэныгъэкIэ иухын хуейщ. Абы щыгъуэми лIыхъужьым и иужьрей гъуэгуанэр пщIэрэ щIыхькIэ гъэнщIауэ, абы и лIэныгъэм лIыгъэ хэлъу, гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ щIэлърэ щапхъэгъэлъагъуэу щытыпхъэщ. КъыщынэмыщIауэ, балладэм уэрэдымрэ макъамэмрэ я нэщэнэхэр е и купщIэкIэ, е и фащэкIэ (нэхъыбэрэ – етIуанэмкIэ) къыпкърыщыпхъэщ.

Къэдгъэлъэгъуахэр жанрым и хабзэ, нэщэнэ нэхъыщхьэхэр аркъудейщ, ауэ абыхэм нэмыщI, къэзыгъэщI лъэпкъ (лъэпкъ гупсысэкIэ), усакIуэ (щхьэзакъуэ дуней лъагъукIэ), къызэрагъэщI бзэм и зэхэлъыкIэ-ухуэкIэ, н. елытауэ, балладэм щхьэхуэныгъэ зэхуэмыдэхэр иIэнкIэ хъунущ. Ахэр наIуэ щыхъур зы тхыгъэ хэха е зы усакIуэм и IэдакъэщIэкI зыбжанэ кууэ щызэпкърах, сюжетымрэ поэтикэмрэ къызэщIэкъуауэ щадж къэхутэныгъэ щхьэхуэхэрщ.

Къэбэрдей литературэм хэхауэ и гугъу пщIымэ, нэхъ пасэу ятхахэм икIи балладэм и къупхъэм «хуэфIыпсу» изэгъахэм ящыщщ Нало Заур и «ЦIыху напэр» – къэбэрдей литературэм и лъабжьэгъэтIылъ икIи и классик ЩоджэнцIыкIу Алий фэеплъ хуищIар. И купщIэрэ и фащэкIэ мыр, и пIэ нэхъыфI къимыувэн хуэдизу, балладэ нэгъэсащ, ауэ Налом и тхыгъэхэр томищым щызэхуэхьэсауэ къыщыдэкIыжым, 2015 гъэм дунейм къытехьа етIуанэ томым поэмэу хыхьащ, и фIэщыгъэри «Удымрэ вакIуэмрэ» жыхуиIэмкIэ хъуэжащ. Мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм я гугъу пщIыну ухуежьэмэ, къэхутэныгъэ щхьэхуэ хуэфащэщ, ауэ мыбдежым Iуэхугъуэ зыбжанэ щыубзыхупхъэщ: япэрауэ, зэрыжытIащи, и сюжеткIи поэтикэ ухуэкIэкIи мы тхыгъэр балладэ нэсщ, сатыр бжыгъэхэр куэд зэрыхъу къудеймкIэ ар поэмэу къэплъытэныр тфIэкъабылкъым. ЕтIуанэрауэ, усакIуэм и тхыгъэм щыжиIэну зыхуеямрэ абы щIилъхьа идее лъагэмрэ екIуу къэзыгъэлъагъуэр «ЦIыху напэ» фIэщыгъэрщ: мыбы щынэхъыщхьэр удымрэ вакIуэмрэ я зэхущытыкIэр е я зэхуаку къыдэхъуэ конфликтыр аракъым (иужькIэ игъуэта фIэщыгъэм тепщIыхьмэ), атIэ Налом абы щIилъхьа щIагъыбзэ куурщ – напэм нэхъ лъапIэ дунейм зэрытемытырщ, абы нэхъ мылъкушхуи цIыхум зэрыбгъэдэмылъырщ. КIэщIу жытIэнщи, тхыгъэм и фIэщыгъэми, жанрыр езы усакIуэм зэриубзыхуами зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн хуеяуэ къэтлъытэркъым. «ЦIыху напэм» и купщIэмкIэ къыщыщIэддзэнщи, балладэм зэрыщыхабзэу, мыбы драматизм куукIэ гъэнщIа конфликт щIэлъщ, гуащIэу екIуэкI сюжет хыболъагъуэ, персонаж нэхъыщхьэм и лIэныгъэкIэ еух. Тхыгъэм мифологие лъабжьэ иIэщ (мыри жанрым и зы нэщэнэщ): ажалымрэ гъащIэмрэ, емрэ фIымрэ, кIыфIыгъэмрэ нэхугъэмрэ я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжыр дунейм и хабзэ ткIийуэ зэрыщытыр удымрэ балладэм и лIыхъужь нэхъыщхьэ цIэимыIуэ «лIымрэ» я образхэмкIэ къэгъэлъэгъуащ.

Сюжетым къыщыхъу-къыщыщIэм куэдыр щыгъуазэщ, ситу жыпIэмэ «ЦIыху напэ» балладэр ебланэ классым и хрестоматием иту курыт еджапIэхэм щрагъэдж. Ауэ, тхыгъэм и художественнэ щхьэхуэныгъэхэр къэтхутэн икIи наIуэ къэтщIын папщIэ, ар зытеухуар кIэщIу дигу къэдгъэкIыжыпхъэщ.

Махуэр хуабэу гъуэгуанэ тет лIыр псыхуэлIэм щигъэмэхым, абы ирихьэлIа удыр щхьэщохьэри псы ирегъафэ. Псы Iубыгъуэм зыкъригъэщIэжа нэужь, зы псы фалъэ иригъэфэжыну лIыр удым йолъэIу. Ауэ пщIэншэу псы иригъэфэну удым идэркъым, псы фалъэм и уасэу гъэ къэскIэ тыгъэ гуэр Iихыну пеубыд. ПсыхуэлIэм къаруушэ ищIа лIыр абыкIэ арэзы мэхъури, Iуэхур зэраухылIэ. АрщхьэкIэ, усакIуэм пэжу къызэрыхигъэщщи, удым тыншу уфIэкIыфынутэкъым. Тхыгъэм дыкъыщоджэ:

*АтIэ удхэр зыгъэудыр*
*Лей зэрахьэр арщ.*
*Мис мы удми и мурадыр*
*ЩIэпхъаджагъэ гуэрщ* [Нало 2013: 122].

Удым лIым Iихыну игу ирилъхьар тыгъэ лъапIэ дыдэт – цIыхум и напэр арат. Ар итыну лIыр арэзы щымыхъум, абы пэкIуэу удым япэ илъэсым и бзэр Iех, етIуанэм – и нэр, ещанэм – и псэр. Мыбдежым лIым и псэр итами, трагедие (лIэныгъэ) къэхъуами, балладэм зэрыщыхабзэу, кIэухыр гукъутэкъым, уеблэмэ лIыхъужьым и псэр пщIэрэ щIыхьрэ пылъу зэритам уропагэ, гушхуэныгъэ къует, а псом фIэкIыжауэ, и ущиинэгъэ мыхьэнэри лъагэщ, сыту жыпIэмэ

напэр зыхъумэфырщ ЦIыху нэскIэ узэджэнур, зи цIэмрэ зи хъыбарымрэ щапхъэгъэлъагъуэу лIэщIыгъуэ куэдхэм кIуэцIрыкIыфынур. Аращ лIым и хьэдэм пщIэшхуэ щIигъуэтри:

*Напэ хужьу щылъщ а хьэдэр,*
*Нурыр къыщхьэщех,*
*ЦIыхуу щыIэм ягъэлъапIэу*
*ЛIым и хьэдэр дах* [Нало 2013: 127].

Тхыгъэм кIэIунэ езытыж строфахэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, напэ къабзэм и нурыр дыгъэ бзийм хыхьауэ цIыхухэм ятопсэ, анэ быдзышэхэм зыщIашащ, сабиинэм къыщIощ. Дэ дызэреплъымкIэ, усакIуэм нэхъыщхьэу жиIэну зыхуеяр мыращ: напэр зыхъумэфхэм фIы къапкърокI, а фIыр мэбагъуэ, дунейр еуфэбгъури, ар къутэу къемыщэщэхыжу, илъэс мин бжыгъэ куэд лъандэрэ зэтреIыгъэ.

«ЦIыху напэм» и поэтикэри, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэу, гъэщIэгъуэнщ, екIущ, шэрыуэщ. ИщхьэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, уэрэдымрэ макъамэмрэ я пкъыгъуэ гуэрхэр, я хьэл хэплъагъуэныр балладэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Нало З., и тхыгъэм зы бэуэгъуэкIи къызэтеувыIэн хуэмейуэ, тыншу укъоджэ, и ритмикэр макъамэм хуэдэу шэщIащ, рифмэхэр къулейщ, сатыр 204-рэ зи кIыхьагъ тхыгъэшхуэр зэрыщыту, жыпхъэм зы мащIэкIи темыкIыу, хорейкIэ тхащ. Уэрэдым и гъэпсыкIэм пэгъунэгъу ищIу, балладэм зы едзыгъуэм куэдрэ къыщытрегъэзэж («припев-рефрен» пэлъытэу къокIуэ): удыр лIым и пащхьэ къиувэхукIэ, тхыгъэм хэлъ драматизмэр щIигъэхуабжьэу, абы и теплъэр усакIуэм дигу къегъэкIыж:

*Цы Iуданэ плъыжькIэ и нэр*
*Хуэдэщ къэдыхьам,*
*Псалъэу жиIэм гур еIулIэр,*
*Ещхьу хуэш хыхьам* [Ар дыдэм: 122, 123, 124–125].

Балладэм и хьэл-щэну литературэджхэм къыхагъэщхьэхукIхэм ящыщщ абы IуэрыIуатэ, мифологие, таурыхъ мотивхэр лъабжьэ хуэхъунри. IуэрыIуатэ тхыгъэхэм я гъэпсыкIэмрэ таурыхъхэм я ухуэкIэмрэ пэгъунэгъуу тхащ Налом и балладэри. Гъут Iэдэм пэжу гу зэрылъитащи, «мыбы лъабжьэу авторым хуищIа къэхъугъэр ущие псысэм и сюжетым ещхьщ» [Гутов 2019: 65], нэгъуэщIу жыпIэмэ дидактикэ хэлъщ. КъыщынэмыщIауи, таурыхъхэр «щыIащ-псэуащ…» жиIэу къызэрызэIуах щIыкIэм тету ухуауэ, ауэ нэхъ зыубгъуауэ «ЦIыху напэм» хэзышэ Iыхьэ иIэщ. Тхыгъэм и конфликтым и ублапIэм кIэщIу щигъэгъуэза нэужь, усакIуэм тхылъеджэм зыхуегъазэ:

*Ер вы бжакъуэм къызэрикIыр*
*ТщIамэ, Iуэху къэхъунт?*
*Ер псы фалъэм зэрыхэлъыр*
*ИщIам, лIыр ефэнт?*

*А псы фалъэм къикIа Iуэхур*
*КъэтIуэтэнщ иджы.*
*Ар къэфщIэну фэ фыхуеймэ,*
*Мы тхыдэжьыр вджы* [Нало 2013: 122–123].

«Ер вы бжакъуэм къокI» жыхуиIэ адыгэ псалъэжьыр тхыгъэм и бзэм IэкIуэлъакIуэу зэрыхэухуэнами гу лъытапхъэщ.

Жанрым нэгъуэщI и зы щхьэхуэныгъи Налом и IэдакъэщIэкIым къыпкърыщащ: тхыгъэм гъищ и пIалъэ къызэщIиубыдэми, илъэсхэр усакIуэм псынщIэ-псынщIэурэ зэкIэлъехь, нэгъуэщIу жыпIэмэ къетхэкI лейрэ къыщымыщ Iуэхурэ хэмыту ешэжьа хъуа сюжетыр еукъуэдий, конфликтым и лъэужьи кIэщIу дрегъаплъэ. Iуэхур щекIуэкI щIыпIэри убгъуауэ къэгъэлъэгъуакъым, сыту жыпIэмэ балладэм

щынэхъыщхьэр конфликтымрэ абы и зэфIэхынымрэщ, ар къэзыухъуреихь псори абы ефэгъуэкIыу гъэпсыпхъэщ: апхуэдэ ухуэкIэм тхыгъэм щIэлъ драматизмэр, психологизмэр щIегъэхуабжьэ.

Дызыхэплъа псори зы псалъэухакIэ къызэщIэткъуэжмэ, Нало З. и «ЦIыху напэр» лъэпкъ балладэм и зы лъагапIэщ, жанрым и фIыпIэщ, абы и къупхъэм, фIэкI е дэдзых имыIэу, хуэфIу йозагъэ.

«ЦIыху напэм» нэмыщI, Нало З., «ЦIыхумрэ Тхьэмрэ» (1968) фIэщыгъэм щIэту, нэгъуэщI зы баллади Iэдакъэ къыщIэкIащ. Жанрым и зы нэщэнэу а тхыгъитIми пкъыгъуэ гъэщIэгъуэн япкърылъщ: я идее унэтIыныгъэр щIылъэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ лъагэщ, мифологие лъабжьэ яIэщ. Налом IэкIуэлъакIуэу къегъэсэбэп реализм методым иригъэкIуэтами, имыгъэкIуэда романтизмым и Iэмалхэр, абы и фантазием къыхэкIа образхэр.

«ЦIыхумрэ Тхьэмрэ» балладэм и сюжетыр щIэщыгъуэщ, жанрым къызэригъэувуи, конфликт хэлъщ. Тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, Тхьэ иныр лIэщIыгъуэ минкIэ гупсысащ, икIэм-икIэжым, жэщибл-махуиблым и кIуэцIкIэ «*дыгъэ минищэ щыблэу*» дуней дахэ къигъэщIащ. АрщхьэкIэ а дунейм зэманыр зэпцIа щыхъуатэкъым, «*зэпыхужт икъутэу дуней иныр*» [Нало 2008: 224]. Ар зыхъумэфын, зэтезыIыгъэн къару къилъыхъуэурэ Тхьэшхуэр гупсысапIэ ихуащ, хэкIыпIэу къигъуэтари дунейр зегъэкIуэн-зехьэнымкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъун гуэр къигъэщIынырщ: япэ щIыкIэ МелыIычыр, къыкIэлъыкIуэу Иблисыр, ещанэу ЦIыхур къигъэщIащ.

Тхыгъэм и конфликт нэхъыщхьэр Тхьэмрэ Иблисымрэ я зэхуаку къыдохъуэ:

*– Дунейр IэщIокI хуэмыIыгъыжу си шхуэм,*
*Сыт си Iэмал? – щIоупщIэ Алыхьышхуэр.*
*– Дунейр къэзыгъэщIам хузэфIэмыкIым, –*
*ЖиIащ абы пащIэкIэм щIэгуфIыкIыу, –*
*Хэт къыбжиIа сэ си Iэзэгъуэ иту? –*
*Ар мэлъэтэж абы нэхъ Iуэху хэмыту.*
*Ар жыжьэу къоплъэ, Тхьэм къыщыдыхьэшхыу.*
*Езыри щытщ Иблисым хуэдзэлашхэу* [Ар дыдэм: 225].

Зэманыр щащэу дунейри къещэщэхыжынкIэ шынагъуэм Iуэхур щыхуэкIуэм, Тхьэшхуэм къыхуэнэжар зыт – ЦIыху къигъэщIынырт. Тхыгъэм иужькIэ наIуэ зэрыщыхъуамкIэ, ар гукъэкI пэжт, сыту жыпIэмэ езы гъащIэр къызыхуигъэщIари зыхэщIэрэ зэхэщIыкIкIэ зыхуэупсари ЦIыхур арат. Дунейм къызэрытехъуэу абы жеIэ:

*– Сэрат мы дуней иныр къызыхуэтыр. –*
*Лэжьэн щIидзауэ ЦIыхум жэуап етыр.*
*Абы акъылкIэ зэрепхыж зэманыр,*
*Дунейр мыкъутэу къызэтрегъанэр.*
*Абы къэхъугъэм мыхьэнэ иретри*
*КъегъэуIэбжь езы дунейм и тетри.*
*ГуфIауэ Тхьэм къыхуещIыр ЦIыхум тыгъэ*
*Насыпу щыIэм ящхьэу лъагъуныгъэр* [Ар дыдэм: 225].

Къэтхьа пычыгъуэр балладэм и кIэухщ, тхыгъэм щIэлъ гупсысэр къыщызэщIэкъуэжащ, Iущыгъэрэ ущиекIэ гъэнщIащ. УсакIуэм къызэри-гъэлъэгъуащи, япэрауэ, ЦIыхур дунейм къызэрытехъуэу лэжьэн щIедзэ, лэжьыгъэм ар адрей псэущхьэхэм къазэрыщхьэщигъэкIыр, ЦIыху нэс зэрищIыр щIагъыбзэкIэ къиIуатэу. ЕтIуанэрауэ, ЦIыхум акъыл бгъэдэлъу, абыкIэ дунейр зэтриIыгъэн къалэн иIэу къызэригъэщIар мы сатырхэм иджыри зэ дигу къагъэкIыж. Ещанэу, лъагъуныгъэр Тхьэм и тыгъэу, ар гъэпэжын, хъумэн хуейуэ зэрыщытыр тхыгъэм кIэIунэ дахэ езытыж Iущыгъэу усакIуэм къехь, зэрыжаIэу, гуIэфIтещIэжкIэ балладэр еух.

Конфликт гуащIэ, драматизм куу е трагизм хэмылъми, Нало З. и етIуанэ балладэри къехъулIауэ, и купщIэкIэ, сюжет ухуэкIэкIэ жанрым и къупхъэм къригъэзэгъэфауэ къэлъытапхъэщ.

ИщхьэкIэ дызыхэплъахэр зэрыщыхьэтщи, Нало Заур къэбэрдей литературэм и деж балладэм и зэхэублакIуэхэм ящыщщ, жанрым и ухуэкIэ хабзэ псори Iэзэу къигъэIэрыхуэн лъэкIащ, усакIуэм и IэдакъэщIэкI тхыгъитIри лъэпкъ щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэ нэс хъуащ.

**ТегъэщIапIэхэр**
**Список источников**


1. *Гутов А.М.* Адыгский фольклор // История адыгской (кабардино-черкесской) литературы. Том I. Нальчик: Издательская типография «Принт Центр», 2019. 392 с.
2. *Квятковский А.П.* Поэтический словарь / Науч. ред. И. Роднянская. М.: Советская энциклопедия, 1966. 375 с.
3. *Налоев З.* Совесть: Баллада // Адыгская (кабардино-черкесская) литература. 7 класс: учебник-хрестоматия. 2-ое изд. / Сост: Тимижев Х.Т., Балова Л.Ф. Нальчик: Эльбрус, 2013. С. 121–127.
4. *Налоев З.* Человек и Бог: Баллада // Антология кабардинской поэзии. XX век. Нальчик: ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г.». Издательский центр «Эль-Фа», 2008. С. 224–225.


**References**


1. GUTOV A.M. *Adygskij fol'klor* [Adyghe folklore]. IN: History of the Adyghe (Kabardino-Circassian) literature. Volume I. Nalchik: Publishing Printing House "Print Center", 2019. 392 p. (In Russian).
2. Kvyatkovsky A.P. *Poeticheskij slovar'* [Poetic Dictionary] / Scientific. ed. I. Rodnyanskaya. Moscow: Soviet Encyclopedia, 1966. 375 p. (In Russian).
3. NALOEV Z. *Sovest': Ballada* [Conscience: Ballad] IN: Adyg (Kabardino-Circassian) literature. Grade 7: textbook-reader. 2nd ed. / Comp: Timizhev Kh.T., Balova L.F. Nalchik: Elbrus, 2013. P. 121–127. (In Circassian).
4. NALOEV Z. *Chelovek i Bog: Ballada* [Man and God: Ballad]. IN: Anthology of Kabardian poetry. XX century. Nalchik: State Enterprise KBR "Republican Polygraphic Plant named after Revolution of 1905". Publishing Center "El-Fa", 2008. P. 224–225. (In Circassian).


**Информация об авторах**


**Л.Б. Хавжокова** – кандидат филологических наук, зав. сектором кабардино-черкесской литературы.

**Р.С. Атласкирова** – аспирант Научно-образовательного центра КБНЦ РАН.


**Information about the author**


**L.B. Khavzhokova** – Candidate of Philology, Head of the Department of Kabardino-Circassian Literature.

**R.S. Atlaskirova** – Postgraduate student of the Scientific and Educational Center of KBSC RAS.



**Вклад авторов:** все авторы сделали эквивалентный вклад в подготовку публикации.
Авторы заявляют об отсутствии конфликта интересов.

**Contribution of the authors:** the authors contributed equally to this article.
The authors declare no conflicts of interests.

Статья поступила в редакцию 27.08.2021; одобрена после рецензирования 10.10.2021; принята к публикации 18.10.2021.

The article was submitted 27.08.2021; approved after reviewing 10.10.2021; accepted for publication 18.10.2021.